

Dokiman w ap bezwen pou Lisans Chofè/Kat ID

Rezidan Pèmanan Etazini

Rezidan pèmanan legal nan Etazini (LPR), yo rele sa 'moun ki gen 'green kat' (kat vèt'), se moun ki pa sitwayen Etazini ki otorize legalman pou viv pèmanan nan Etazini.

Ou dwe pote dokiman idantifikasyon, sosyal sekirite ak adrès rezidansyèl.

Pote

1

Idantifikasyon Prensipal

Pa aksepte fotokopi

- Kat Rezidans Pèmanan Etazini (Kat Vèt, Fòm I-551)
- Paspò etranje valab ak prèv ki soti nan Sèvis Sitwayente ak Imigrasyon Etazini (USCIS), tankou I-485 oswa I-589 resi, lòd jij imigrasyon, oswa stamp nan paspò ki montre ke yo te akòde/apwouve estati azil oswa refijye
- Visa Imigran oswa stamp I-551 nan paspò valab

Si ou se yon Rezidan Pèmanan nan Etazini ki chanje non, ou dwe premyèman mete ajou non ou ak USCIS avèk Administrasyon Sosyal Sekirite (SSA). Ou dwe bay yon kopi orijinal oswa sètifye sètifika maryaj ou oswa lòd tribinal ansanm ak prèv chanjman non ak USCIS (tankou I-797 oswa I-90). Tanpri rete omwen yon jou travay apre ou fin mete ajou non ou ak sekirite sosyal anvan ou aplike pou yon lisans oswa kat ID mete ajou.

Pa aksepte fotokopi

Pote

2

Prèv Adrès rezidansyèl nan Florida*

- Akt posesyon tè, peman kay-la, Dokiman taks sou pwopriyete, oswas Kontra lwaye
- Kat Sèvis Militè
- Dokiman valab ki montre pwopriyete machin oswa bato nan Florida
- Bòdwo sèvis piblik ki dat nan 60 dènye jou yo (tankou bill dlo, gaz, elektrisite, telefòn, intènèt)
- Deklarasyon finansye ki dat nan 60 dènye jou yo (tankou bank, kat kredi, oswa kont investisman)
- Liv pèman machin ki dat nan 60 dènye jou yo
- Kat medikal oswa kat sante ak/oswa bòdwo medikal ki dat nan 60 dènye jou yo
- Lisans pwofesyonèl ki te bay pa yon ajans gouvènman ameriken
- Dokiman ki soti nan anplwayè ki dat nan 60 dènye jou yo (tankou talon chèk, fòm W-2)
- Bòdwo asirans kay ou ak/oswa machin ou genyen kounye a
- Dokiman ki soti nan ajans gouvènman federal, eta, oswa vil ki dat nan 60 dènye jou yo
- Fòm enskripsyon FDLE ki ranpli pa biwo sherif lokal la oswa Depatman Koreksyon yo nan 30 dènye jou yo

Lè w ap itilize prèv adrès nan non yon lòt moun, ou dwe ranpli yon Fòm Sètifikasyon Adrès epi swiv enstriksyon ki sou fòm nan.

Pote

1

Nimewo Sosyal Sekirite

dwe genyen nimewo sekirite sosyal konplè

- Kat Sosyal Sekirite orijinal
- Fòm W-2 oswa 1099
- Resi shèk peman ak Nimewo Sosyal Sekirite konplè

Veteran

Si ou vle yon deziyasyon veteran sou lisans oswa kat ID ou, ou dwe prezante prèv dechaj onè, tankou kat VA, Kat ID Militè Retire, DD-214.

Veteran 100% Andikape

Tanpri pote Kat Veteran Andikape ou oswa Lèt Verifikasyon Sèvis ou soti nan VA pou egeje frè yo.

